

**LEGLIZ MISYONE  
MISSIONARY CHURCH  
P.O. Box 9127  
Fort Wayne, IN 46889**

**Enstwiksyon yo:**

*Si wap sèvi ak vèzyon kompitè, souple fini fòm sila, fè yon kopi, siyen kote li mande ou siyen, atache yon foto ou-menm (mete dat lè foto a te fèt) epi remèt li a biro apwoprye.*

*Si wap sèvi ak yon fòm papye, souple reponn tout kesyon yo sou yon lòt fey papye, mete nimero kesyon an ki koresponn ak repons la akote repons la). Souple, repete kesyon avèk repons yo. Siyen kote li mande ou siyen epi remèt fòm ak repons ou yo avèk foto ou-menm (mete dat lè foto a te fèt) a biro apwoprye.*

**APLIKASYON POU LISANS MINISTEYEL (Pati I)**

**I. PESONEL**

1. Non (Prenon, dezyèm non, non fanmi)
2. Adrès  
Vil, Eta, Nimero Zip  
Nimero Telefonn  
Adrès email
3. Sitwayen ki peyi  
Ki stati legal ou genyen si ou pa yon sitwayen Eta Zini
4. Eske ou pankò marye, marye, fianse, ou epouz mouri  
Si fianse, bay non fianse  
Dat wa marye
5. Si ou separe ak epouz ou, divòse, marye ankò, ou marye ak yon moun divòse, souple bay esplikasyon an detay.
6. Eske epouz ou dakò ak dezi ou pou antre nan sèvis Kretyen? Esplike
7. Bay non ak dat nesans pitit ou e si yo depann sou ou pou sipò.
8. Non lòt moun apa pitit ou ki depann sou ou pou sipò.
9. Eske ou gen dèt finansye? Si wi, bay non moun nan ou dwe e konbyen?

10. Kisa se atitid ou anvè sèvi ak bwason alkòl, dròg, tabak, ou lòt habitid yo ki pa bon pou kò moun nan ou enflyans li?
11. Eske ou jamen te sèvi ak bwason alkòl, dròg yo, ou tabak? Si wi, kilè e nan ki sikontans èske ou te sispann?
12. Eske wap angaje nan relasyon sèksyèl ki kont la Bib, ou aktivite tankou pònografik, fònikasyon, adilte? Si wi, esplike.
13. Eske ou gen tandans pou gen afè sèksyèl ak moun ? Si wi, esplike
14. Eske ou jamen te angaje nan okenn abi (sedwi) sèksyèl ou abi ak ti moun yo? Si wi, esplike
15. Eske lisans chofè machi-n ou jamen te revoke, ou èske yo te sispann yo? Si wi, esplike.
16. Eske ou gin tan kondane de ninpòt aktivite kriminel? Si wi, esplike.

## II. EDIKASYON E VOKASYON

1. Eske ou te fini ak lekòl sekondè?
2. Bay non kolèj ou seminè, ane ou te asiste, non sètifika, ki sijè ou te etidye, ak ane ou te fini.  
(Chak aplikan va remèt voye bay apwoprye ofisye denominasyon an, sirentandan distrik la ou tou-le-de, yon kopi krèdi li te resevwa nan chak lekòl li te asiste apre lekòl sekondè.
3. Fè lis ninpòt lòt entrinman ministè ou te resevwa.
4. Kisa se langag natif ou? (Langag mama ou)  
Bay non lòt langag ou te etidye.  
Bay non lòt langag ou pale.
5. Ki abilite ou gengen pou chante e jwe instwiman mizikal?
6. Ki kalite antrennman mètye ou gengen?
7. Fè lis esperyans pwofèsyonèl ou gengen (tankou sekretè, chapantye, profèsè, e konsa)
8. Bay non okipasyon ou gen kounyea.  
Non amplye ou  
Nimero telefon li  
Adrès konplèt li

9. Ki kalite sèvis Kreyen ou vle antre?

### III. ESPERYANS KRETYEN

1. Dat ak plas ou te vi-n konvèti?
2. Sou kisa ou baze konvèsyon ou?
3. Kilè e koman ou te batize?
4. Eske ou te ranpli ak le Sent Espri (sètadi, konsekrasyon, yon dedikasyon konplèt, ou lè ou te soumèt tèt ou konplètman bay Leseyè kom mè ou) apre ou te vi-n konvèti? Esplike.
5. Non legliz kote ou se manm.  
Dat ou te vi-n manm.
6. Fè lis afilyasyon ou gengen ak lòt òganizasyon yo ki afilye ak Legliz, si gengen (Jèn pou Kris,.....)
7. Fè lis nenpòt lòt krèdansyèl ministè (lisans ou òdonasyon) ou te gengen oubyen ou te fè aplikasyon pou resevwa ou esperyans ou te gengen kom yon ministè. Bay dat yo, ki kote yo, ak non òganizasyon yo.
8. Bay yon kout esplikasyon abidid pèsònèl ou gengen pou etidye la Bib, lapriyè, e disipli-n espiyityèl.
9. Eske ou gen tan mennen moun jwenn Kris? Bay yon kout rezime?
10. **ENPOTAN:** Ekri yon kout istwa lavi ou e bay temwayaj pèsònèl koman ou te resevwa Kris kom Sovè, lè ou te ranpli ak le Sent Espri, apèl ou pou antre sèvis Kreyen, e koman ou gen plan akonpli ministè ou.

### IV. REFERANS YO

1. Non Pastè ou  
Telefon  
Adrès konplèt  
Adrès email
2. Non yon ofisyè nan legliz ou  
Telefon  
Adrès konplet

Adrès email

3. Non yon emplwayè ou  
Telefon  
Adrès konplèt  
Adrès email

4. Non yon zanmi, ou moun nan fanmi ou, ou vwazen ou  
Telefon  
Adrès konplèt  
Adrès email

Enfòmasyon anro a se konplèt e korèk selon pi bon konesans mwen.

Siyen: \_\_\_\_\_ Dat; \_\_\_\_\_

## DEKLARASYON DOKTRINAL

*Se enpotan pou kandida yo kap antre sèvis Bondye e legliz la pou yo pa sèlman gen yon karaktè kretyen ki jis ak yon lavi san fot, men yo bezwen kenbe yon doktri-n solid e yo bezwen kapab esprime pwèn de vi alega prinsip lafwa.*

**Souple, ekri vi ou (panse ou) nan repons kesyon swivan yo:**

**Bay referans (Lezekriti) pou chak kesyon.**

1. Ekri kwayans ou sou sije enspirasyon Lezekriti a.
2. Ekri kwayans ou sou sije trinite Bondye.
3. Ekri kwayans ou sou sije diete Kris.
4. Ekri kwayans ou alega nesans vièj la de Kris e enpotans li.
5. Ekri kwayans ou alega nati, fòm ak enpòtans rezirèksyon Kris.
6. Ekri kwayans ou sou kimoun le Sent Espri ye.
7. Ekri kwayans ou koman lòm te vin ann egzistans, kisa se te nati orijinèl li, ak kisa sa vle di ke lòm te kreye nan imaj Bondye..
8. Ekri rezilta lè Adan e Ev te peche nan Jaden, e ki èfè sa te gengen sou ras imenn.
9. Kisa se nati yon moun ki pa rejenere?
10. Ki pwovizyon ki gengen pou redamsyon lòm?
11. Kisa se kondisyon pou resevwa sali? (Kisa lòm bezwen fè pou vi-n sove?)
12. Dekrive kisa sa vle di pou yon moun yon vrè disip Jezi Kri?
13. Ekri sa ou kwè alega asirans sali a pou yon kwayan.
14. Ekri kwayans ou alega apostasi, posibilite pou yon kretyen kapab chite e pèdi sali li.
15. Ekri sa ou konprann sou sije sanktifikasyon selon Lezekriti, koman nou sanktifye pozisyonman e esperyasyonman.
16. Ekri sa ou konprann sou ministè (travay) le Sent Espri gengen nan relasyon ak yon kwayan.

17. Ekri sa ou konprann sou don le Sent Espri bay e koman Li distribye yo.
18. Ki lòt fason eske le Sent Espri revele Li-menm nan yon kwayan?
19. Dekrive sa ou konprann alega relasyon don langaj la e ranpli ak le Sent Espri.
20. Ekri sa ou kwè sou sije gerizon diven.
21. Sou sije de retou Kris, ki sa se kwayans ou alega fason, bi a, e tan an sou swivan yo: (A) Lè Kris retounen pou chache fidèl yo, (B) Lè Kris retounen dezyèm fwa, (C) Gran tribilasyon an, (D) Rezirèksyon tout kwayan yo, (E) Tribinal Kris, (F) Mil ane yo, (G) Rezirèksyon enkonvèti yo, (Moun enkonvèti yo) (G) Gran Tron Blan?
22. Dekrive plas e nan ki eta nanm kwayan yo va ye ant lamò e rezirèksyon an.
23. Dekrive plas e nan ki eta nanm enkonvèti yo va ye ant lamò e rezirèksyon.
24. Kisa se sinifikans batèm nan?
25. Kisa se manye batèm selon Lezekriti?
26. Ki moun gen dwa batize?
27. Kisa se sinifikans La Sent Senn?
28. Ki moun ki gen dwa partisipe nan La Sent Senn?
29. Eske moun gen dwa divòse? Si wi, akòz ki kondisyon yo?
30. Eske you moun divòse gen dwa marye ankò pandan lòt moun nan toujou vivan? Esplike repons ou.
31. Kisa se kwayans ou sou sije yon kretyen patisipe nan gouvèman sivil?
32. Kisa se kwayans ou sou sije eta espirityèl e eta etènèl pou moun yo ki pa janm te tandè levanjil? Esplike koman Bondye kapab montre mizerikòd e jistis Li a menm tan an?
33. Kisa se bi pou legliz lokal?
34. Eske ou te li Konstitisyon Legliz Misyonè a ak tout atik pozisyon yo? Eske ou dakò ak Konstitisyon Legliz Misyonè ak atik pozisyon yo san okenn rezèvasyon? Si ou gen pwèn de vi yo ki diferan avek anseyman Legliz Misyonè, esplike yo an detay.

Anro a se vrè deklarasyon kwayans doktrinal mwen sou sije sa yo. Si, pandan mwen afilye ak Legliz Misyonè, si mwen ta chanje kwayans mwen, ou si-m ta kenbe yon atitud diferan sou nenpòt sa nou te touche anro, mwen va, touswit, notifye sirentandan distrik mwen oubyen apwoprye ofisyèl denominasyon an.

Alò, kounyea mwen fè aplikasyon pou jwenn kredansyèl kom yon ministe oubyin misyonè nan Legliz Misyonè.

Siyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Souple voye fòm sa a:

Tou-le-de pati aplikasyon sa a, nenpèt asèsman ak tout konteni dosye aplikan an va pwopriete distrik kote endividyèl la abite e osi Legliz Misyonè.

Pou biro sèlman: Dat lisans te ekspedye:  
Dat Odonasyon te ekspedye

Ekri: 10-07